

LENTERA

LENgang penggalih nampi TEntrem

RAhayu

(Beristirahat sejenak menerima damai sejahtera)

Edisi September 2024



UNTUK KALANGAN SENDIRI

BAHAN PA GKJ Bejiharjo

Diterbitkan oleh:
Bidang PWG GKJ Bejiharjo

BAHAN PA 2 – 7 SEPTEMBER 2024

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 70:1,2**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Yunus 4:1-11**
5. **Renungan**

“Jengkel”

Naminipun manungsa, temtu ingkang wonten ing manahipun kadang saged sae, kadang ugi suwalipun. Sanadyan sampun nindakaken warni-warni pambudidaya kangge nggayuh kasaenan, nanging raos jengkel utawi mangkel saged tuwuh karana kuciwa utawi *frustrasi*. Punapa malih menawi kasambetaken kaliyan raos boten remen dhateng ngasanes, punika sangsaya gampil nuwuhaken raos jengkel kalawau, mangkel, pikiran awon, lan sanesipun. Malah saged ugi nuwuhaken tumindak-tumindak ingkang kira sae. Panci ngaten kalampahanipun menawi raosing manah, punapa kemawon, mboten dipun kendhaleni.

Kadosdene wonten ing waosan kita punika, sikapipun Yunus estu nglingsemaken dhiri pribadinipun minangka nabinipun Gusti Allah. Yunus wiwitanipun boten purun nindakaken dhawuhipun Gusti karana mbujeng pikajengipun piyambak. Yunus boten purun nindakaken dhawuhipun Gusti karana Yunus langkung remen menawi Niniwe katumpes utawi kaukum dening Gusti Allah. Tumrap piyambakipun, naminipun tiyang mbalela dhumateng Gusti punika kedah dipun ukum. Yunus boten lega lila menawi Niniwe nampani sih katresnanipun Gusti srana mratobat; piyambakipun boten remen menawi Niniwe nampi nasib ingkang sae. Ananging kasunyatanipun, sadaya punika mboten kalampah awit Niniwe sumadya mirengaken Gusti lan saestu mratobat. Yunus kuciwa lan nepsu. Mila Yunus kaemutaken dening Gusti, “*anggonira nepsoni wit jarak iku apa wis sabenere?*”. Menawi ingkang sanes rumatanipun Yunus piyambak kemawon dipun eman dening piyambakipun, wah malih Gusti Allah, mestinipun saya ngeman umat ing Niniwe awit sampun sumadya mratobat lan wangsul mbangun turut dhumateng Gusti.

Kanthi lelampahan punika, Gusti Allah paring piwucal ingkang sayektosipun kathah sanget. Sepisan, piwucal kangge kita supados tansah nata manah lan purun nyinau mangertosi ing saleresipun karsanipun Gusti. Menawi Gusti Allah karsa ngeman lan nresnani ingkang sami mratobat, punapa inggih kita malah nyengiti lan kepingin ngasanes punika kaukum? Panci ingkang umum kalampah ing padintenan kita kados mekaten. Kawentar kanthi istilah "*main hakim sendiri*". Salajengipun ugi paring pemet, bilih kadangkala manungsa punika mboten remen, jengkel, menawi sesaminipun nampeni bab-bab ingkang prayogi. "*Sok ora trima*". Ananging menawi ngasanes nampeni bab-bab ingkang awon, enggal-enggal mangke anggadahi pamawas bilih tiyang sanes punika nampi bebendu amargi kalepatanipun. Bab nepsunipun Yunus ugi dados gambaran, kadangkala manungsa menawi sampun jengkel, *nesu*, saged lajeng kados *kekanak-kanakan*, mboten purun mirengaken, tambah ngeyel (ayat 9: sampun saleresipun kemawon anggen kawula nepsu ngantos dumugi pejah).

Miwiti wulan September punika, sabdanipun Gusti Allah paring pitedah ingkang endah sanget kangge kita cakaken ing gesang padintenan murih gesang kita tansah pinanggih tentrem rahayu. Gusti mberkahi.

Diskusi:

1. Sanesipun sawetawis piwucal ing andharan, piwucal punapa malih ingkang panjenengan panggihaken lan raosaken saking waosan kalawau?
2. Miturut panjenengan kadospundi ta pambudidaya nggulowentah raos jengkel?
3. Miturut panjenengan, punapa wonten sisi positif rikala manungsa punika saweg *jengkel*, *nesu*, *marah*? Basa sanesipun, *marah yang positif*.

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 70:3,4

7. Pandonga

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 84:1,3**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: Galati 6:1-10**
- 5. Renungan**

“SOS (*Semua Orang Susah*)”

Conto kemawon. Pemimpin ingkang kalem ketingalipun, lembah manah, lan jujur, kanyata pikantuk panyaruwe. Kaanggep bilih piyambakipun mboten *tegas*, ringa-ringa. Dene pemimpin ingkang kendhel, *tegas*, swantenipun sora, kanyata sami mawon, pikantuk panyaruwe. Kaanggep bilih piyambakipun tiyang ingkang kasar. Kanyata rekaos dados pemimpin. Mboten usah tebih-tebih pemimpin, kita ing padintenan kemawon ugi saged nglampahi bab-bab kados mekaten. Tumindak sae lan prayogi, dipun anggep *cari muka*. Sangsaya menawi tumindakipun nerak pranatan utawi *norma sosial*, dadosa sengaja punapa mboten sengaja, mesti tundhanipun mboten karuan anggenipun nampi panyaruwe. Rekaos.

Awit saking punika, lumantar seratipun dhateng pasamuwan ing Galati, Rasul Paulus paring pemuat kinen sampun sami gumunggung lan rumaos “*paling sembarang-sembarang*”. Awit punapa? Ingkang rumaos leres, saged ndamel rekaosing tiyang ingkang saweg dhumawah ing kalepatan menawi dipun asoraken. Ananging menawi mekaten, ingkang paling leres sami mawon sampun tumindak awon (ay. 1: *kena ing pacoben*) lan saged dipun saruwe ugi. Wusana, rekaos ugi. Padhatan kita matur “*halah terangane ya padha wae*”. *Semua Orang Susah*. Mila saking punika, Rasul Paulus ngatag supados sami tulung-tinulung awit punika ingkang dipun kersakaken dening Sang Juruwilujeng, inggih punika Gusti Yesus Kristus. Mboten perlu mbandingaken kaliyan tiyang sanes ing bab punapa kemawon ing salebeting pagesangan. Ananging, sumangga mbandingaken kaliyan dhiri pribadi. Ateges, niti priksa gesangipun piyambak: langkung sae wingi punapa sapunika. Sanesipun punika, umat ugi kaemutaken bilih punapa ingkang kasebar, punika ugi ingkang badhe dipun unduh. Menawi nyebar ingkang sae kemawon

kadangkala ingkang dipun undhuh mboten mesti sae, linangkung menawi ingkang kasebar punika piawon. Milanipun, *"aja nganti kempa anggon kita gawe kabecikan"* (ay. 9).

Nyuraos bab sadaya tiyang punika rekaos, kadosipun kita saged setuju bab punika. Basa padintenan kita punika *"semua orang punya kerepotannya sendiri-sendiri."* Ewa semanten, badhea mangke tetep tulung-tinulung, ananging tiyang punika kadangkala remen mbanding-mbandingaken bab rekaosipun punika. *"Halah mbak, ora sepiraa neh sing mbok rasakne. Isih abot aku. Coba bandingke karo aku."* utawi *"Yen masalahmu kui yo mas, jane durung sepira abote. Lha ndhisik aku ki mas..."* Dipun akeni punapa mboten, kita saged nglampahi ingkang kados mekaten. Ananging ndalu punika, kita kaatag sami tulung-tinulung. Mila tinimbang mbanding-mbandingken lan malah dados saya rekaos, sumangga enggal tulung-tinulung kemawon. Kita ewahi, *Semua Orang Susah* dados *Semua Orang Sukacita*. *"aja nganti kempa anggon kita gawe kabecikan."*

Diskusi:

1. Miturut panjenengan, kenging punapa kadangkala tiyang remen mbanding-mbandingaken? Menawi langkung awrat lan rekaos, malah kadosipun langkung *bangga*.
2. *"...apa kang disebar ing wong, iya iku kang bakal dieneni."* Sampun tansah nyebar kasaenan, ananging ingkang katampi mboten mesti kasaenan malah suwalikipun. Kadospundi miturut panjenengan?

6. Kempaling Pisungung Kairingan KPJ 390:1,2

7. Pandonga

BAHAN PA 16 – 21 SEPTEMBER 2024

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 267:1,2**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Mateus 21:1-11**
5. **Renungan**

“Guyon”

Ibu sampun ngendika kaliyan Supri, “*Pri, aja nyedhaki anak pitik kae lho ya. Mengko bisa dioyak simboke*”. Naminipun lare, diweling malah tambah penasaran. Nglimpe-nglimpe, Supri saged nyepeng satunggaling anak ayam. Tenan. Dumadakan Supri mlayu banter klawan nangis amargi dipun oyak dening babonipun anak pitik kalawau. Ibu ingkang mirsani, saksisih ngguyu ananging ugi melas kaliyan Supri. Enggal-enggal ibu mitulungi lare punika. Tumrapping Supri, dumugi ageng mestinipun badhe tansah kemutan pengalaman punika lan ugi tansah emut piweling ibu bab “*aja ngeyel, nggugu yen dikandhani*”. Punika namung cariyos gegujengan. Lucu mboten? Mugi-mugi lucu. Kita perlu humor. Awit, padhatanipun humor, guyon, punika ndadosaken kita gampil nampi saha gampil ngemut-emut, dados bab pengalaman gesang punapa dene sakathahing piwucal ingkang kita tampi gesang kita.

Sayektosipun ing Kitab Suci, Gusti Allah anggenipun memucal kita punika ugi ngginakaken maneka warni cara: duka, minangka guru, minangka tiyang sepuh, minangka mitra (sahabat), muwun, temtunipun ugi mawi gegujengan utawi guyon. Ananging sadaya punika tetep kanthi pangangkah nelakaken katresnan dhateng para kagunganipun. Menawi kita wigatosaken kanthi saestu cariyos-cariyos ing Kitab Suci, saged kita panggihaken Gusti memucal kita klawan gegujengan, ananging asring mboten kita sadari amargi asring ngginakaken *cara pandang* serius rikala maos Kitab Suci.

Contonipun kemawon waosan kita wekdal punika. Panci asringipun cariyos punika nandhesaken bab Gusti Yesus ingkang miwiti lumebet ing margining kasangsaran. Sapunika, cobilah kita ginakaken *sudut pandang* sanes. Naminipun ratu, rikala semanten kedahipun nitih kuda. Kados mekaten ratu ingkang gagah prakosa.

Ananging Gusti Yesus? Cobi kita bayangaken kita ing wonten ing ngriku sareng tiyang kathah. Saking katebihan kita nyumerepi Gusti Yesus nitih belo. Menawi nitih kuda, tiyangipun ketingal alit. Suwalikipun, menawi nitih belo, tiyangipun ingkang ketingal ageng. Saya malih belonipun taksih anem. Kewan ingkang taksih anem mesthi rupane *lucu*, *imut*. Ewa semanten, tiyang sami nguwuh-uwuh amargi bab punika. Punika satunggaling cara Gusti Yesus memucal bab andhap asoring manah.

Kanthi guyon, gegujengan, cariyos ingkang *lucu*, Gusti Yesus nelakaken karsanipun. Punapa? Temtu supados ingkang dados piwucalipun saged kita tampi, tansah kita eling-eling, tuwin saestu kita tindakaken. Mila saged kawastanan, gegujengan, guyon, punika satunggaling caranipun Gusti Yesus nelakaken bilih Panjenenganipun Allah ingkang nyatunggil ing gesang kita saha ngraosaken ingkang kita raosaken.

Diskusi:

1. Sepinten wigatosipun miturut panjenengan gegujengan, *humor*, utawi *tertawa* punika?
2. Punapa saestu *humor* punika saged dados sarana martosaken Injilipun Gusti Yesus? Kadospundi miturut panjenengan?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 78:1,3

7. Pandonga

BAHAN PA 23 – 28 SEPTEMBER 2024

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 58:1,2**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Lukas 11:37-41**
5. **Renungan**

“Adus Bebek”

Nate ningali bebek rikala kepanggih toya? Bebek asring nyelupaken cucukupun lan swiwinipun kekablak, punika kangge ngresiki badanipun. Ananging, sadaya punika kalampahanipun namung ringkes sanget utawi babar pisan mboten dangu. Milanipun, menawi tiyang anggenipun siram namung ringkes lan mboten dangu, utawi namung ngelap saperangan badanipun ingkang ketingal kemawon, asring kasebat “*adus bebek*”. Resik? Dereng temtu resik sawetahipun. Saged ugi, namung supados ketingal resik lan seger njawinipun. “*Sing penting njabane katon resik.*”

Waosan kalawau mujudaken satunggaling pepeling saking Gusti Yesus dhateng tiyang-tiyang ingkang namung mentingaken “*katon resik njabane*” utawi bab-bab lair kemawon. Ayat 39 “*Kowe para wong Farisi, kowe padha ngresiki jabaning tuwun lan pinggan, nanging ing jeromu kebak isi rampasan lan piala*”. Kanthi ngendika mekaten, Gusti Yesus nedahaken patrapipun tiyang-tiyang ingkang remen “*katon apik*” supados ketingal sae lan suci, kamangka sayektosipun mboten mujudaken ingkang sayektosipun, inggih punika kebak piawon ing lebetipun. Tiyang-tiyang punika sami nyaruwe dhumateng Gusti awit mboten wijik astanipun rikala dhahar. Bab punika nerak pranatan adat istiadat Yahudi tumraping tiyang kathah kalawau. Ing bab lair saestu dipun gatosaken, ananging kanyata sesambetan sae dhateng sesami malah dipun lirwakaken. Mila ayat 41 punika dados pemuat saking Gusti Yesus, bilih antawis lair lan batos punika kedah nyatunggil.

Panci benten raosipun menawi kita emut-emut, inggih punika antawis *adus bebek* lan *adus tenanan*. Teles saperangan, lan teles sawetahipun. Menawi *adus bebek*, kados wonten ingkang kirang. Ananging menawi *adus tenanan*, seger ingkang karaosaken punika

saestu ndamel leganing manah. Mekaten ugi, menggahing tata pagesangan kita. Cobi kemawon tetulung klawan mboten eklas, mesti wonten ingkang kurang. Punapa? Raos ayem! Mesti kepinginipun namung ngresula kemawon. "*Wes wes, kepeksa tak tulung. Jane wegah aku, gur ngrepoti.*" Tiyang sanes, mestinipun saged ngraosaken bab punika. Miwah malih Gusti Allah, mesti pirsu. Benten menawi tetulung klawan eklas, mesti langkung *santai*, saged mengalir, ayem wontenipun. Minangka pandherekipun Gusti Yesus, kawontenan kita mboten pareng kadosdene *adus bebek*. Kedah nyatunggil antawis lair lan batos kita miturut karsanipun Gusti.

Diskusi:

1. Piwucal punapa malih ingkang panjenengan panggihaken lumantar waosan punika?
2. Kita asring mireng istilah "pencitraan". Kadospundi miturut panjenengan?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 196:1,5

7. Pandonga

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 184**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: Lukas 17:11-19**
- 5. Renungan**

“Matur Nuwun”

Saben basa gadhah tembung ingkang ngemu teges ngaturaken panuwun. Basa Inggris: *Thank You*; Basa Prancis: *Mercy*; Basa Spanyol: *Gracias*; Basa Jepang: *Arigatou*; Basa Mandari: *Xie-xie*; Basa Sunda: *Hatur nuhun*; Basa Jawa: *Matur Nuwun*. Temtu taksih kathah basa sanesipun ing bumi punika ingkang kaginakaken ngaturaken panuwun. Punika mratandhani wigatosing ngaturaken panuwun. Ngaturaken panuwun nedahaken satunggaling *ekspresi* raos sokur ugi wujud ngaosi dhateng pehak sanes. Panci mboten wonten undang-undangipun ingkang mranata kewajiban ngaturaken panuwun. Ewa semanten, ngaturaken panuwun, ngucap ‘matur nuwun’ nedahaken bilih kita punika saged manggihaken satunggaling aspek positif ing pagesangan.

Waosan kalawau nyariyosaken wonten sedasa tiyang sakit kusta. Inggih punika tiyang Yahudi saking Galilea lan Samaria. Padhatan kalih kelompok punika mboten rukun, ananging kanyata kekalihipun nyatunggil inggih awit saking ingkang dipun adhepi. Rikala semanten, ingkang sakit kusta punika kasingkiraken saking celakipun tiyang sehat, tebih saking *pemukikan pada umumnya*, gesangipun tebih saking piwelas ngasanes. Mila rikala Gusti Yesus lan rombongan lewat, sadaya sami nyuwun kasarasakan. Gusti Yesus paring dhawuh kinen sami manggihaken imam, awit imam ingkang mutusaken tiyang punika najis utawi mboten. Ing satengahing margi, tiyang sadasa punika sami kabirat kustanipun. Saking sadasa tiyang punika, namung satunggal ingkang wangsul sowan Gusti Yesus saha nelakaken atur panuwunipun ngantos sungkem dhumateng Gusti (ayat 16). Tiyang punika inggih tiyang Samaria, ingkang rikala semanten kaanggep najis, mboten tepang Gusti. Ewa semanten, nelakaken kapitadosan ingkang langkung

lebet dhumateng sih rahmatipun Gusti, tinimbang para tiyang Yahudi ingkang kaanggal langkung *religius*.

Basa ingkang asring kita ginakaken ngengingi bab punika inggih “*tahu terima kasih*”. Mila tiyang Samaria punika nedahaken kangge kita “*potret manusia yang sadar akan kebaikan Tuhan*”. Sinaosa ketingalipun prasaja, ananging “matur nuwun” nedahaken satunggaling patrap gesang ingkang rumaket sanget gegayutanipun kaliyan iman kapitadosan. Wonten unen-unen “*Kebersihan adalah sebagian dari iman*”, lajeng sapunika saged ugi kita ginakaken bilih “*Terima kasih adalah sebagian dari iman*”.

“*Sudahkah kita berterima kasih hari ini?*”

Diskusi:

Mboten wonten pitakenan diskusi. Ananging saben kita saged sami andhum pengalaman iman linandhesan sadaya sabda lan piwucalipun Gusti ingkang sampun kita pirengaken. Mugia dados sarana kangge sami ngiyataken satunggal lan satunggalipun, nuwuhaken pangajeng-ajeng, saha ngraketaken patunggilan.

6. Kempaling Pisungsum Kairingan KPJ 186:1,3

7. Pandonga

Catetan:

